

**Daya Pangaribawane Media *Video Pembelajaran* Tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-ungguh
Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan
Taun Ajaran 2012/2013**

**Daya Pangaribawane Media *Video Pembelajaran* Tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-ungguh
Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan
Taun Ajaran 2012/2013**

Fitri Apriliyah Wulandari

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (v3gadisjawa@yahoo.com)

Abstrak

Pasinaon basa Jawa ngenani unggah-ungguh basa dianggep materi kang angel dening siswa jalaran kanggo ngetrapakake unggah-ungguh siswa uga kudu bisa nguwasani kawasisan basa Jawa kanthi bener lan pener. Prakara kasebut uga dirasakake siswa SMP N 1 Pucuk mligine klas VII kang kangelan nyinaoni unggah-ungguh basa Jawa. Saka asil wawancara, guru pamong ngandharake yen klas VIIB kagolong klas sing biji rata-rata sajrone wulangan unggah-ungguh basa Jawa isih cendhek. Babagan kasebut bisa katon saka asil *pre-test* ing klas VIIB SMP Negeri 1 Pucuk mung 6,7% saka persentase siswa sing dianggep tuntas saka piwulangan unggah-ungguh basa Jawa. Isih ana 93,3% siswa sing durung tuntas saka standart kelulusan sekolah yaiku 75. Saliyane babagan kasebut dibutuhake strategi pembelajaran kang maksimal saengga bisa nggugah minate siswa nyinaoni unggah-ungguh basa.

Underaning panliten ing panliten iki yaiku: 1) Kepriye asiling pasinaon unggah-ungguh basa Jawa tanpa nggunakake media *video pembelajaran* tumrap siswa klas VIIB SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan? 2) Kepriye asiling pasinaon unggah-ungguh basa Jawa kanthi nggunakake media *video pembelajaran* tumrap siswa klas VIIB SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan? 3) Kepriye pengaruhe media *video pembelajaran* tumrap undhak-undhakaning kawasisan unggah-ungguh basa siswa klas VIIB SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan? Tujuwan panliten iki ing antarane yaiku: 1) Nemokake lan ngandharake asiling piwulangan unggah-ungguh basa Jawa tanpa nggunakake media *video pembelajaran* tumrap siswa klas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan, 2) Nemokake lan ngandharake asiling piwulangan unggah-ungguh basa Jawa kanthi nggunakake media *video pembelajaran* tumrap siswa klas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan, 3) Nemokake lan ngandharake pengaruhe media *video pembelajaran* tumrap undhakaning kawasisan unggah-ungguh basa siswa klas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan.

Panliten iki bisa menehi paedah tumrap pihak-pihak tartamtu. Antarane yaiku: 1) Panliten iki bisa menehi alternatif pasinaonan kang kreatif ngenani media *video pembelajaran* minangka media piwulangan, saengga siswa ngrasa seneng lan ora monoton anggone sinau, 2) Bisa ningkatake motivasine siswa nalika nyinaoni basa Jawa, mligine materi ngenani unggah-ungguh basa Jawa, saengga dikarepake bisa ningkatake asil pasinaone siswa ing pasinaon basa Jawa, 3) Saka panliten iki dikarepake bisa dadi panuntun ing panliten sabanjure lan menehi sumbangsih kanggo nggampangake anggone mulang para guru uga anggone siswa sinau. 4) Panliten iki bisa dadi tuladha kanggo ngrembakake panliten liyane, sajrone upaya ningkatake kualitas pendhidhikan.

Tintangan pustaka ngandharake tintangan panliten kang saemper lan teori sarta konsep kang gegayutan karo underaning panliten yaiku teori kawasisan unggah-ungguh basa Jawa, tetimbangan lelandhesan milih media lan teori media *video pembelajaran*.

Panliten iki nggunakake metode eksperimen kanthi *Quasi Eksperimental Design* kanthi nggunakake *nonequivalent control group design*. Ing klas iki nggunakake telung klas kang digunakake sajrone panliten, kang kapisan yaiku klas pembanding utawa klas uji instrumen nggunakake klas VIIC, klas eksperimen nggunakake klas VIIB, lan klas kontrol nggunakake klas VIIA. Ing panliten iki teknik ngumpulake data nggunakake tes lan pambiji ranah afektif. Kanggo analisis data nggunakake t-tes.

Persentase siswa klas eksperimen sadurunge nggunakake media *video pembelajaran* sing tuntas 6,7% lan sing durung tuntas ana 93,33%. Sawise ditrapake media *video pembelajaran* ngenani unggah-ungguh basa Jawa, persentase siswa sing tuntas mundhak dadi 90,00% lan sing durung tuntas mudhun dadi 10%. Semana uga post test panliten 2, siswa sing tuntas mundhak dadi 93,34% lan sing durung tuntas mudhun dadi 6,66%. Asil kasebut bisa dideleng yen antarane *pre test* nganti *post test* ngalami undhak-undhakan.

H₁ ing panliten ditampa yaiku kanthi ngetrapake media *video pembelajaran* duweni daya pangaribawa tumrap undhaking kawasisan unggah-ungguh basa Jawa siswa klas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan. Babagan kasebut bisa

**Daya Pangaribawane Media *Video Pembelajaran* Tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-ungguh
Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan
Taun Ajaran 2012/2013**

dideleng saka asiling t-tes ing panliten, yaiku $t_{hitung} = 2,380 > t_{tabel (0,05db=62)} = 2,000$ ing panliten 1 lan ing panliten 2 asile $t_{hitung} = 2,150 > t_{tabel (0,05db=62)} = 2,000$. Ana daya pangaribawa kang signifikan sajrone pengetrapan media video pembelajaran tumrap undhaking kawasisan unggah-ungguh basa Jawa. Kawasisan unggah-ungguhe siswa nggunakake media video pembelajaran asile kagolong luwih apik tinimbang katrampilan murid kang nggunakake media rekaman.

ABSTRAK

Pembelajaran bahasa Jawa mengenai santun berbahasa dianggap materi yang susah oleh siswa karena didalam penerapannya siswa harus dapat menguasai keterampilan bahasa Jawa dengan benar dan tepat. Keadaan tersebut juga dirasakan oleh SMP Negeri 1 Pucuk khususnya kelas VII yang kesusahan dalam mempelajari materi santun berbahasa. Dari hasil wawancara, guru pamong menjelaskan jika kelas VII B tergolong kelas dengan nilai rata-rata rendah pada materi tersebut. Hal tersebut dapat terlihat dari hasil *pre-test* dikelas VII B SMP Negeri 1 Pucuk, hanya 6,7% siswa yang dianggap tuntas dari pembelajaran santun berbahasa. Masih ada 93,3% siswa yang belum tuntas dari standart kelulusan sekolah yaitu 75. Selain itu dibutuhkan strategi pembelajaran yang maksimal sehingga bisa menumbuhkan minat siswa dalam mempelajari santun berbahasa Jawa.

Rumusan masalah dalam penelitian ini adalah: 1) Bagaimanakah hasil pembelajaran *unggah-ungguh basa Jawa* (santun berbahasa Jawa) tanpa menggunakan media video pembelajaran terhadap siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan? 2) Bagaimanakah hasil pembelajaran *unggah-ungguh basa Jawa* (santun berbahasa Jawa) dengan menggunakan media video pembelajaran terhadap siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan? 3) Bagaimanakah pengaruh dari media video pembelajaran terhadap peningkatan hasil pembelajaran *unggah-ungguh basa Jawa* (santun berbahasa Jawa) siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan? Tujuan penelitian ini diantaranya: 1) Menemukan dan menjelaskan hasil pembelajaran *unggah-ungguh basa Jawa* (santun berbahasa Jawa) tanpa menggunakan media video pembelajaran terhadap siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan, 2) Menemukan dan menjelaskan hasil pembelajaran *unggah-ungguh basa Jawa* (santun berbahasa Jawa) dengan menggunakan media video pembelajaran terhadap siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan, 3) Menemukan dan menjelaskan pengaruh dari media video pembelajaran terhadap peningkatan hasil pembelajaran *unggah-ungguh basa Jawa* (santun berbahasa Jawa) siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan.

Penelitian ini memberikan manfaat terhadap pihak-pihak tertentu. Diantaranya: 1) Penelitian ini dapat memberikan alternatif pembelajaran yang kreatif mengenai media video pembelajaran sebagai media pembelajaran, sehingga siswa merasa senang dan tidak monoton dalam belajar, 2) Dapat meningkatkan motivasi siswa ketika mempelajari bahasa Jawa, khususnya materi *unggah-ungguh basa Jawa* (santun berbahasa Jawa), sehingga diharapkan dapat meningkatkan hasil pembelajaran siswa dalam pelajaran bahasa Jawa, 3) Dari penelitian ini diharapkan bisa dijadikan penuntun dipenelitian selanjutnya dan memberikan sumbangsih untuk memudahkan para guru juga pembelajaran siswa, 4) Penelitian ini dapat dijadikan contoh untuk mengembangkan penelitian lainnya, untuk meningkatkan kualitas pendidikan.

Kajian pustaka menjelaskan tentang kajian penelitian yang pernah dilakukan dan teori serta konsep yang berhubungan dengan rumusan masalah yaitu mengenai teori keterampilan *unggah-ungguh basa Jawa*, pertimbangan dalam memilih media dan teori media video pembelajaran.

Penelitian ini menggunakan metode eksperimen kanthi *Quasi Eksperimental Design* dengan menggunakan *nonequivalent control group design*. Dalam penelitian ini menggunakan tiga kelas yang digunakan dalam penelitian, yang pertama yaitu kelas uji instrumen menggunakan kelas VIIC, kelas eksperimen menggunakan kelas VII B, dan kelas kontrol nggunakake kelas VII A. Dalam penelitian ini teknik mengumpulkan data menggunakan tes dan penilaian afektif.

Persentase siswa kelas eksperimen sebelum menggunakan media video pembelajaran yang tergolong tuntas 6,7% dan yang belum tuntas ada 93,3%. Setelah diterapkan media video pembelajaran mengenai *unggah-ungguh basa Jawa*, Persentase siswa yang tuntas naik menjadi 90,00% dan yang belum tuntas turun menjadi 10,00%. Begitu juga dengan *post test* penelitian 2 siswa yang tuntas naik menjadi 93,34% dan yang belum tuntas turun menjadi 6,66%. Hasil tersebut dapat terlihat jika antara *pre test* dan juga *post test* mengalami peningkatan.

H_1 dalam penelitian diterima yaitu dengan menerapkan media video pembelajaran memiliki pengaruh terhadap peningkatan keterampilan *unggah-ungguh basa Jawa* (santun berbahasa Jawa) siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan. Hal tersebut dapat dilihat dri hasil t-tes dalam penelitian, yaitu $t_{hitung} = 2,380 > t_{tabel (0,05db=62)} = 2,000$ dalam penelitian 1 dan didalam penelitian 2 hasilnya $t_{hitung} = 2,150 > t_{tabel (0,05db=62)} = 2,000$. Ada pengaruh yang signifikan dalam penerapan media video pembelajaran terhadap peningkatan keterampilan *unggah-ungguh basa Jawa*. keterampilan *unggah-ungguh basa Jawa* siswa menggunakan media video pembelajaran hasilnya tergolong lebih baik daripada yang menggunakan media rekaman.

**Daya Pangaribawane Media *Video Pembelajaran* Tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-ungguh
Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan
Taun Ajaran 2012/2013**

PURWAKA

Pasinaon basa Jawa ngenani unggah-ungguh basa dianggep materi kang angel dening siswa jalaran kanggo ngetrapakake unggah-ungguh, siswa uga kudu bisa nguwasani kawasisan basa Jawa kanthi bener lan pener. Unggah-ungguh basa Jawa yaiku adat istiadat, etika, tata susila, lan tata krama basa Jawa (sajroning Suharti 2001:69). Unggah-ungguh kasebut sejatine bisa diperang dadi telung perangan yaiku 1) ngoko, 2) madya, lan 3) krama. Ananging akeh pamawas kang merang kanthi luwih rowa, salah sijine yaiku miturut Antunsuhono (1953:9) kang merang undha usuking basa dadi rolas perangan yaiku; 1) ngoko lugu, 2) ngoko andhap, 3) madya ngoko, 4) madya krama, 5) madyantara, 6) muda krama, 7) muda krama, 8) kramantara, 9) wredakrama, 10) krama inggil, 11) krama desa, lan 12) basa kedhaton.

Ragam basa sing diwulangake marang siswa kelas VII semester ganep kaperang dadi 1) ngoko lugu, 2) ngoko alus, 3) krama lugu, lan 4) krama alus. Perangan kasebut nduweni ancas supaya cundhuk marang kabutuhan azas fungsional komunikatif. Para siswa dikarepake bisa nggunakake patang ragam basa kasebut sacara bener lan pener. Angele ngetrapake unggah-ungguh basa kasebut ndadekake siswa males nyinaoni lan kurang prigel anggone nggladhi kawasisan unggah-ungguh basane.

Dipilihe mediavideo pembelajaran jalaran SMP Negeri 1 Pucuk mujudake sekolah kang nduweni fasilitas audiovisual nanging arang dienggo dening guru mata pelajaran, mligine piwulangan basa Jawa. Kaputusan nggunakake media video pembelajaran dilandhesi katrangan saka guru basa Jawa kang ngandharake yen piwulangan basa Jawa mbutuhake media kang kudune melu ngrembakane jaman. Panulis ngarepake mediakasebut bisa narik kawigatene siswa saengga meteri piwulangan luwih gampang dimangerteni.

Media video pembelajaran kasebut nduweni kaluwihan yaiku (1) bisa narik kawigatene siswa, (2) bisa diputer maneh ing perangan-perangan tartamtu kang kurang dimangerteni, (3) cocog banget kanggo nyinaoni materi kang nengenake tumindak (unggah-ungguh) lan d) luwih cepet anggone nyampekake pesen arupa materi marang siswa (Hujair, 2010:109). Ing kene video pembelajarane bakal nyuguhake tuladhane animasi pawongan sing bisa ngetrapake unggah-ungguh basa Jawa tumrap wong sing status lan umure beda. Suguhan video kasebut dikarepake bisa nggugah kasadharane siswa nyinaoni unggah-ungguh basa. Saliyane media iku disengkuyung dening fasilitas sing dinduweni SMP Negeri 1 Pucuk, media video pembelajaran uga cocog karo jaman saiki sing

nengenake IT minangka media pendhidhikan. Ing kene saben pawongan kalebu guru lan siswa dijak luwih ngenal lan bisa nggunakake ngrembakane teknologi, saengga dikarepake guru bisa manfaatake media lan fasilitas sajroning materi-materi sabanjure. Panliten iki ditindakake supaya mangerteni kepriye pengaruh media kasebut marang piwulangan unggah-ungguh basa Jawa. Panliten iki mujudake panliten uji coba kang nduweni pangajab supaya media sing digunakake bisa kanggo sarana piwulangan kang nuwuhake greget lan motivasine siswa tumrap piwulangan basa Jawa, mligine piwulangan unggah-ungguh basa Jawa.

Adhedhasar alesan panliten kasebut, bisa didudut ngenani underaning panliten iki yaiku: 1) Kepriye asiling pasinaon unggah-ungguh basa Jawa tanpa nggunakake media video pembelajaran tumrap siswa klas VIIB SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan? 2) Kepriye asiling pasinaon unggah-ungguh basa Jawa kanthi nggunakake media video pembelajaran tumrap siswa klas VIIB SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan? 3) Kepriye pengaruh media video pembelajaran tumrap undhak-undhakaning kawasisan unggah-ungguh basa siswa klas VIIB SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan?

Adhedhasar underaning panliten kasebut, bisa didudut yen panliten iki nduweni ancas yaiku: 1) Nemokake lan ngandharake asiling piwulangan unggah-ungguh basa Jawa tanpa nggunakake media video pembelajaran tumrap siswa klas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan, 2) Nemokake lan ngandharake asiling piwulangan unggah-ungguh basa Jawa kanthi nggunakake media video pembelajaran tumrap siswa klas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan, 3) Nemokake lan ngandharake pengaruh media video pembelajaran tumrap undhakaning kawasisan unggah-ungguh basa siswa klas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan.

Panliten iki diajab bisa menahi paedah, dene paedah yaiku: 1) Panliten iki bisa menahi alternatif pasinaon kang kreatif ngenani media video pembelajaran minangka media piwulangan, saengga siswa ngrasa seneng lan ora monoton anggone sinau, 2) Bisa ningkatake motivasine siswa nalika nyinaoni basa Jawa, mligine materi ngenani unggah-ungguh basa Jawa, saengga dikarepake bisa ningkatake asil pasinaone siswa ing pasinaon basa Jawa, 3) Saka panliten iki dikarepake bisa dadi panuntun ing panliten sabanjure lan menahi sumbangsih kanggo nggampangake anggone mulang para guru uga anggone siswa sinau. 4) Panliten iki bisa dadi tuladha kanggo ngrembakake panliten liyane, sajrone upaya ningkatake kualitas pendhidhikan.

**TINTINGAN KAPUSTAKAN
Unggah-ungguh Basa Jawa**

Miturut Sasangka (2010:1) unggah-ungguh basa utawa undha usuk basa mujudake sawijining kasugihane budaya kang diduweni dening pirang-pirang suku Indonesia, mligine kang diduweni dening suku Jawa, Sunda, lan Bali. Unggah-ungguh kang mujudake

**Daya Pangaribawane Media *Video Pembelajaran* Tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-ungguh
Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan
Taun Ajaran 2012/2013**

khasanah budaya bangsa kasebut nganti saiki isih digunakake lan dileluri dening masyarakat panganggone. Andharan kasebut uga disengkuyung dening Adisumarto (sajroning Suharti, 2001:69) kang ngandharake yen unggah-ungguh basa Jawa yaiku adat istiadat, etika, tata susila, lan tata krama basa Jawa.

Kunci Piwulangan Unggah-ungguh

Panganggone unggah-ungguh basa Jawa kang becik bakal bisa mangun tata krama kang uga becik. Tatakruma kasebut gegayutan karo tumindake pawongan, mula sajroning piwulangan unggah-ungguh diperlokake cara kang trep. Sejatine ana pirang-pirang kunci cara kanggo nggladhi siswa nyinaoni unggah-ungguh miturut Endraswara (2009:97), yaiku 1) Ngulinakake ngomong kula nuwun, matur nuwun, lan nuwun sewu minangka gladhen ngulinakake unggah-ungguhe marang saben wong. Nalika wong Jawa wis nguwasani telung idiom kasebut, lan wani nggunakake saben pasrawungan mula pawongan kasebut bisa diarani nduweni unggah-ungguh. 2) Ngowahi tembung 'niki' utawa 'niku'dadi 'punika' (menika), ngowahi '-ne' dadi 'nipun', 3) Ngapalake lan ngetrapake 5-10 tembung ngoko-krama, yaiku mangan, lunga, turu, adus, teka lan sapiturute dadi tembung dhahar, tindak, sare, siram, rawuh, lan sapiturute.

Teges lan Paedahe Media Piwulangan

Piwulangan kang becik dipangaribawani dening panganggone media. Kanthi nggunakake media, piwulangan bisa narik wigatene siswa lan bisa luwih gampang anggone mangerteni materine. Babagan kasebut disengkuyung dening Gerlach & Ely (sajroning Arsyad, 2007:3) kang ngandharake media yen dimangerteni sacara umum yaiku manungsa, materi, utawa kedadeyan kang mangun kahanan kang ndadekake siswa bisa oleh pengetahuan, materi, utawa tindak-tanduk. Miturut AECT (*Association of Education and Communication Technology*) menehi watesan ngenani media minangka sakabehe wujud lan saluran kang digunakake kanggo medharake pesen utawa informasi (Arsyad, 2007:3).

Sadiman (2008:06) uga njlentrehake ngenani media yaiku pirang-pirang jinis komponen sakupenge siswa kang bisa ndadekake greget sajroning pasinaon. Selaras karo andharan kasebut, Briggs (sajroning Sadiman, 2008:6) ngandharake yen media mujudake sakabehe alat fisik kang bisa nyuguhake pesen sarta nggawe gregete siswa kanggo sinau. Saka sakabehe andharan kasebut media nduweni piguna kang njalari pasinaon bisa lumaku kanthi becik. Gunane media piwulangan sajroning proses pasinaon, yaiku (1) Piwulangan bisa luwih narik kawigatene para siswa saengga bisa nuwuhake greget nalika sinau, (2)Maknane bahan utawa materi piwulangan bisa ditampa kanthi luwih cetha dening para siswa, lan siswa bisa nguwasani materi kanthi becik, (3)Metode piwulangane bisa maneka warna saengga siswa ora bosan, lan tenagane guru luwih entheng, (4)Siswa dadi luwih aktif, amarga ing kene ora mung nyemak, nanging uga nglakokane kagiyatan liyane yaiku ndeleng, nglakoni, lan sapanunggalane. (Sujdana& Rivai, 2011:2)

Kriteria Anggone Milih Media Piwulangan

Kriteria anggone milih media kudu dikembangake cundhuk marang tujuwan kang pengin digayuh, kahanan, lan kasembadane media kang bakal digunakake (Sadiman, 2008:85). Andharan kasebut uga disengkuyung dening Ely (sajroning Sadiman, 2008:58) kang ngandharake masiya tujuwan lan isine wis dimangerteni, faktor-faktor liyane kayata karaktere siswa, strategi piwulangan, organisasi klompok pasinaon, ancangan wektu lan sumbere, sarta prosedur panliten uga kudu digatekake. Dick lan Carey (sajroning Sadiman, 2008:86) ngandharake yen ana patang faktor sing perlu ditimbang sajroning milih media yaiku (1)Anane bahan saka sumber kasebut, tegese yen media kasebut ora ana ing sumber-sumber sing ana, mula kudu tuku utawa nggawa dhewe, (2)Ana utawa orane beya, tenaga, lan fasilitas kanggo tuku utawa nggawe media, (3)Faktor sing gegayutan karo kaluwesan, kapraktisan, lan awet utawa orane media kasebut kanggo wektu sing dawa, (4)Efektifitas beya kanggo jangka wektu kang dawa.

Musfiqon (2012:118) uga ngandharake menawa kriteria pamilihe media kudu nggatekake, (1) kasalarasane karo tujuwan, (2) kasalarasane karo pigunane media, (3) kahanane para siswa, (4) sumadya (5) biyayane cilik, (6) kawasisane guru, lan (7) mutu teknis.

Lelandhesan Tetimbangan Milih Media

Media minangka alat bantu kanggo nyengkuyung piwulangan, mbutuhake rancangan kang becik. Menawa guru milih salah sawijining media sajroning kagiyatan ing kelas nduweni tetimbangan yaiku a) guru wis ngrasa akrab marang media kasebut, b) guru ngrasa yen media kang dipilih kasebut bisa nggambarake materi piwulangan luwih apik tinimbang dheweke dhewe,lan c) media sing dipilih bisa narik kawigaten lan minate siswa, sarta bisa nuntun ing pasinaon kang luwih terstruktur lan terorganisasi (Arsyad, 2007: 67), nanging sejatine ora ana pathokan baku sajrone milih media. Media sing becik yaiku media sing bisa nyengkuyung kanggo nggayuh tujuwan piwulangan, saengga rujukan lan kriteria utama sajrone milih media yaiku *kontribusine* media sajrone ngundhakake kasile piwulangan (Musfiqon,2012:124).

Media Video Pembelajaran

Video pembelajaran mujudake salah sawijining wujud saka media *audio visual*. Arsyad (sajroning Rusman 2011:218) ngandharake yen video mujudake reroncening gambar obah kang uga dibarengi swara sing nyawiji dadi sawijining *alur*, kang ing njerone ngemu pesen kanggo nggayuh tujuan pasinaon kang disimpen ing media pita utawa disk. Media kasebut kagolong jinis media *audio visual aids* (AVA) yaiku jinis media kang

**Daya Pangaribawane Media *Video Pembelajaran* Tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-ungguh
Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan
Taun Ajaran 2012/2013**

saliyane ngandhut unsur swara uga ngandhut unsur gambar kang bisa dideleng.

Miturut Heinrich, Molenda, Russel sajroning Rusman dkk (2011:218) video bisa ditegesi minangka tampilan saka pirang-pirang gambar sajroning televisi utawa layar. Ing basa latin video ditegesi minangka “aku ndeleng”. Saben format media kang nggunakake sinar katoda kanggo nyuguhake perangan gambar saka sawijining pesen bisa dianggep minangka video.

Saka katrangan kasebut bisa didudut yen video yaiku gambar gerak kang ngemot rerencening alur lan nyuguhake pesen saka perangan gambar kanggo nggayuh tujuane pasinaon. *Video pembelajaran* kasebut dironce kanthi nengenake kurikulum kang lumaku lan ngemot prinsip-prinsipe pasinaon saengga program kasebut bisa ngejak siswa njingglengi materi pelajaran kanthi luwih gampang.

Kaluwihan lan Kakurangane Media Video Pembelajaran

Media video minangka media pasinaon uga ora uwal saka kaluwihan lan kakurangane. Ing antarane kaya mangkene;

Kaluwihane media video pembelajaran, yaiku (1) Nyuguhake *objek* pasinaon kanthi nyata, saengga cocog kanggo nambahi pengalamane sinau, (2) Asipat *audio visual*, saengga bisa narik kawigaten lan bisa nuwuhake greget marang siswa, (3) Cocog kanggo nggayuh tujuan pasinaon *psikomotorik*, (4) Bisa ngurangi bosene siswa sajroning pasinaon, (5) Luwih gampang anggane ngeling-eling materi pasinaon, (6) Siswa bisa nangkep materi kanthi cepet. (Hujair, 2010:109).

Selaras karo andharan kasebut Rusman dkk (2011:220) uga ngandharake kaluwihane media video pembelajaran kaya mangkene; (1) Menehi pesen kang bisa ditrima sacara rata dening siswa, (2) Cocog kanggo njlentrehake sawijining proses, (3) Bisa dadi *alternatif* nalika kurange panggonan lan wektu, (4) Luwih nyata, bisa dibaleni lan dimandhekake cundhuk marang kabutuwan, (5) Siswa gampang anggane ngeling-eling, uga bisa mangaribawani tumindake siswa..

Saliyane nduweni kaluwihan, Hujair (2010:109) njlentrehake media video pembelajaran uga nduweni kakurangan, ing antarane yaiku, (1) Penggandaan media kasebut mbutuhake beya kang larang, (2) Gumantung marang energi listrik, saengga ora bisa diuripake saenggon-enggon, (3) Asipat *komunikasi searah*, saengga ora bisa menehi umpan balik (takon-tinakon).

Miturut Rusman dkk (2011:220) media pembelajaran uga nduweni kakurangan kaya mangkene: (1) Panjangkone kang winates, (2) Asipat *komunikasi searah* (3) Gambare rata-rata cilik, (4) Kadhangkala dumadi *distorsi* gambar lan warna amarga gangguan *magnetic*, (5) Winatese daya rekam sawise piringan video kasebut ngalami proses rekam ora bisa digunakake maneh kanggo diganti isine, (6) Kanggo nyiapake piringan video kasebut rata-rata mbutuhake beya kang lumayan gedhe.

Animasi

Animasi mujudake obahe objek apadene teks kang diatur saapak-apike saengga katon narik kawigaten lan katon luwih urip. Miturut Utami (2007:2) *animasi* yaiku rerencening gambar kang bisa obah-obah. Salah sajin kaluwihane *animasi* yaiku kabisane njlentrehake sawijining kedadeyan kanthi rinonce ing saben lumakune wektu. Perangan kasebut bisa mbantu sajroning ngandharake *prosedur* lan urutan kedadeyan.

Harun lan Zaidatun (2004:6) ngandharake yen animasi nduweni perangan kang wigati kanggo ngundhakake kualitas proses piwulangan. Pirang-pirang kaluwihane animasi yan digunakake ing bidhang pendhidhikan, yaiku: 1) *Animasi* bisa nyampekake sawijing *konsep* kang jangkep sacara *visual* lan *dinamik*. 2) *Animasi digital* bisa narik kawigatene siswa kanthi gampang. *Animasi* bisa nyampekake sawijining pesen kanthi luwih becik yen ditandhingake media liyane. 3) *Animasi digital* uga bisa digunakake kanggo mbantu nyediakake pasinaon kanthi *maya*. 4) *Animasi* mujudake media piwulangan kang luwih nyenengake. *Animasi* bisa narik kawigaten lan ngundhakake greget greget sinauni siswa. 5) Suguhan *animasi* lan *dinamik* kang disedyakake dening *teknologi animasi* bisa luwih gampang sajroning ngecakake *konsep* apadene *demonstrasi*.

Jinise Animasi

Miturut Adriyanto (2009:1-3) ngandharake yen dideleng saka teknik nggawene *animasi* kang ana saiki bisa diperang dadi telu, ing antarane:

1) *Stop-motion Animation*, uga sinebut *claymation* amarga ing pangrembakane, jinis *animasi* kasebut nggunakake *clay* utawa lemah minangka objek kang diobahake. Teknik *stop-motion animation* mujudake *animasi* kang diasilake saka gambar arupa *objek* (boneka utawa liyane) kang diobahake sethithik mbaka sethithik. Sajroning nggarap teknik kasebut bisa diarani angel lan mbutuhake kasabaran. 2) *Animasi Tradisional (Traditional animation)*. Diarani tradhisional amarga teknik animasi kasebut digunakake nalika animasi dikembangake kaping pisan. 3) *Animasi Komputer* Selaras karo jenenge, *animasi* kasebut nggarape nggunakake komputer. Saka nggawene *karakter*, ngatur obahe “paraga”, menehi swara, sarta *special effeke* kabeh dikerjakake nggunakake komputer. Kanthi *animasi* komputer, perangan-perangan kang wiwitane ora mungkin bisa digambarake dening *animasi* dadi bisa lan luwih gampang. Ngrembakane teknologi komputer saiki, bisa njalari saben wong bisa nggawe animasi kanthi gampang. *Animasi* kang diasilake kasebut gumantung kaprigelane wong sing nggawe lan *software* sing digunakake.

Software Animasi

Miturut Adriyanto (2009:9-10) ngandharake yen saiki akeh jinis *software animasi* kang ana ing bebrayan, wiwit saka *software* kang duweni kawasisan prasaja nganti kang jangkep, saka sing gratis nganti puluhan yuta. Saka pigunane *software animasi* bisa diperang dadi *software animasi 2 Dimensi* lan *software animasi 3 Dimensi*.

**Daya Pangaribawane Media *Video Pembelajaran* Tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-ungguh
Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan
Taun Ajaran 2012/2013**

Miturut Utami (2007:4) ana rong alesan sasuwene iki animasi digunakake sajroning media piwulangan. Kaping pisan, narik kawigaten lan nguwatake gregete siswa. *Animasi* jinis iki lumrahe arupa tulisan utawa gambar kang obah-obah, *animasi* lucu, aneh kang sekirane bisa narik kawigatene siswa. *Animasi* kasebut lumrahe ana gayutane karo materi kang bakal diwenehake marang siswa. Pigunane kaloro yaiku minangka sarana kanggo menepi pangerten marang siswa ngenani materi kang bakal diwenehake.

Animasi teks (tulisan) mujudake salah perangane *animasi* kang bisa didadekake kanggo namabahake *efek animasi* lan ndadekake apik tampilan video pembelajaran kang disuguhake. Animasi kasebut bisa diolehi saka pirang-pirang cara, tuladhane nggawe dhewe, paket CD interaktif lan ngundhuh saka internet. Kanggo materi unggah-ungguh basa Jawa, ing kene ‘paraga’ animasi kang digunakake rata-rata nggawe dhewe, lan kanggo nglakokake *video pembelajaran animasi* kasebut diperlokake program khusus, salah sijine yaiku *macromedia flash*.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten iki kalebu panliten *eksperimen*. Ing panliten iki nggunakake angka asiling pasinaon unggah-ungguh basa Jawa minangka data panliten lan sajroning ngolah data nggunakake itungan statistik banjur didudut kepriye pengaruhe media *video pembelajaran* tumrap undhake kawasisan unggah-ungguh basa Jawa siswa kelas VII SMPNegeri 1 Pucuk Lamongan.

Desain Panaliten

Desain eksperimen sing digunakake ing panaliten iki yaiku *Quasi Eksperimental Design* kanthi wujud *nonequivalent control group design* kanthi dhasar kaya ing ngisor iki:

E = O ₁	O ₂
	X
K = O ₃	O ₄

(Arikunto, 2010:125)

Katrangan:

- E : Kelompok eksperimen
- K : Kelompok kontrol
- X : Perlakuan
- O₁ : Biji *pre-test* siswa kelas eksperimen
- O₂ : Biji *post-test* siswa kelas eksperimen
- O₃ : Biji *pre-test* siswa kelas kontrol
- O₄ : Biji *post-test* siswa kelas kontrol

Ing *desain* iki observasi katindakake kaping pindho yaiku sadurunge eksperimen lan sawise eksperimen. O₁ lan O₃ minangka asil *pre-test* sing ditindakake dening siswa kelas kontrol lan eksperimen. O₂ yaiku asil *post-test* sing dilakokake marang siswa kelas eksperimen. O₄ yaiku asiling *post-test* kelas kontrol.

Populasi lan Sampel

Margono (2010:118) ngandharake yen populasi yaiku sakabehe data kang kudu digatekake sajrone sawining *ruang lingkup* lan wektu kang ditamtokake dening panliti. Dadi ing kene populasi gegayutan marang data, dudu manungsane, mula ukurane populusi kudu padha karo cacah manungsane kang ditliti. Dene Sugiyono (2010:81) ngandharake sampel yaiku perangan saka cacah lan tetenger kang diduweni dening populasi kasebut. Ing kene sing didadeake sampel yaiku klas VII C minangka klas ujicoba instrumen, kelas VII A minangka kelas kontrol, lan kelas VII B minangka kelas eksperimen. Populasine yaiku kabeh siswa kelas VII SMPN 1 Pucuk Lamongan.

Data lan Sumber Data

Sumber data sajroning panaliten mujudake jejering saka ngendi data kasebut dientokake (Sugiyono, 2010:172), dena asil saka sumber data sinebut data. Datane panaliten iki, yaiku; (1) Pambiji ngenani kawasisane siswa nalika piwulangan unggah-ungguh basa sadurunge nggunakake media “*video pembelajaran*”, (2) Pambiji ngenani kawasisane siswa nalika piwulangan unggah-ungguh basa sawise nggunakake media “*video pembelajaran*”, (3) Bedane kawasisane siswa sadurunge lan sawise nggunakake media “*video pembelajaran*”. Dene sumber data ing panaliten iki yaiku siswa kelas VII B, lan VII A SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan. Panaliten iki dianakake ing semester genep taun ajaran 2012/2013.

Variabel Panaliten

Arikunto (2010:161) ngandharake yen variabel yaiku objek ing panaliten, utawa sawijine bab kang dadi punjere pamikir. Ana rong variabel sajroning panaliten iki, yaiku variabel bebas lan kaiket. Variabel bebas (X) ing panaliten iki yaiku media “*video pembelajaran*”. Variabel iki bisa nuwuhake sawenehing bab marang variabel sing liyane. Sabanjure variabel kaiket (Y) ing panaliten iki yaiku “undhakaning kawasisan unggah-ungguh basa Jawa”. Variabel iki mujudake variabel kang dadi wohing variabel bebas.

Teknik Nglumpukake Data

Nglumpukake data mujudake perangan kang wigati sajroning panaliten. Ing panaliten iki panulis nggunakake teknik wawancara, tes lan dhokumentasi kanggo nglumpukake data ing panaliten. (1) Teknik wawancara, digunakake minangka teknik ngumpulake data sadurunge nglakokake panliten kanggo nemokake masalah kang kudu ditliti. Informan ing panaliten iki yaiku kepala sekolah lan guru Basa Jawa kelas VII SMPN 1 Pucuk Lamongan. Panaliten iki nggunakake teknik wawancara sing ora *terstruktur*, tegese wawancara kang bebas, ora nggunakake pedhoman wawancara kang wis kasusun sacara *sistematis* lan jangkep kanggo ngumpulake datane. (2) Tes yaiku reroncening pitakonan utawa latihan sarta alat liyane kang digunakake kanggo ngukur kawasisan,

**Daya Pangaribawane Media Video Pembelajaran Tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-ungguh
Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan
Taun Ajaran 2012/2013**

intelegensi, lan bakat kang dinduweni dening saben pawongan utawa klompok (Arikunto, 2010:193). (3) Teknik dhokumentasi ing panaliten iki digunakake kanggo njupuk gegambaraning lakune panaliten ing SMPNegeri 1 Pucuk Pambiyantune yaiku sawijining guru ing SMP Negeri 1 Pucuk.

Instrumen Panaliten

Instrumen panaliten gegayutan karo cara-cara kang digunakake kanggo ngumpulake data (Sugiyono, 2010:222). Ing panliten iki instrumen kang digunakake yaiku RPP lan soal tes. (1) RPP digunakake kanggo paugeran nalika njupuk data – data ing panaliten. Kang kudu disiapake sajroning pasinaon yaiku alokasi wektu, indikator, lan materi pasinaon. Ana rong jinis RPP kang digunakake yaiku sing nggunakake media *video pembelajaran* kang dicakake marang kelas eksperimen lan sing ora nggunakake media *video pembelajaran* kang dicakake marang kelas kontrol. Ing panliten iki ana rong patemon, sapatemone nggunakake alokasi wektu 2 x 40. (2) Soal tes, Arikunto (2006:150) ngandharake tes yaiku reroncening pitakonan utawa latian sarta alat liyane kang digunakake kanggo ngukur kawasisan, intelegensi, lan bakat kang dinduweni dening saben pawongan utawa klompok. Nalika nganakake tes, kudu cundhuk karo desain panaliten yaiku *pre-test* lan *post-test*. Saben tes nduweni alokasi wektu kang padha yaiku kanthi alokasi 2x40menit. Jinis soal kang diwenehake ing pre test lan post test yaiku tes tulis jangkepe ana ing lampiran sajrone RPP.

Teknik Analisis Dhata

Teknik analisis data sajroning panliten kuantitatif, diarhake kanggo mangsuli underaning panliten utawa nguji hipotesis (Sugiyono, 2010:243).

1. Analisis Skor Validasi

Validitas mujudake drajad patrapane dhata kang dumadi ing *objek* panliten kanthi daya kang bisa dilaporake panliti (Sugiyono, 2010:267). Dhata ing validasi dianalisis nggunakake analisis dhekriftif kuantitatif. ing kene rumus anggone ngitung persentase kuwalitas materi lan soal unggah-ungguh basa Jawa siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk.

$$P = \frac{\text{Cacahe skor pambiji}}{\text{Cacahe skor paling dhuwur}} \times 100\%$$

(Riduwan, 2009:15)

2. Nemtokake Biji

Biji mujudake perangan kang wigati supaya bisa mangerteni kawasisane siswa sajroning nrima piwulangan. Siswa dianggep tuntas lan bisa nampa piwulangan kanthi cetha yen bijine bisa cundhuk utawa luwih dhuwur saka SKM (*Standart ketuntasan minimal*) kang wis ditamtokake dening sekolah. SMPN 1 Pucuk netepake SKM kanggo pasinaon basa Jawa yaiku 75% saka skor maksimal. Panaliten iki uga diandharake

kepriye carane ngitung bijine siswa yaiku kanthi cara kaya ing ngisor iki.

$$\text{Biji} = \frac{\text{jumlah skor sing diasilake}}{\text{jumlah skor sakabehane}} \times 100\%$$

(Riduwan, 2009:15)

3. Nemtokake Reliabilitas Instrumen Tes

Reliabilitas uga bisa diarani minangka indeks kang nuduhake alat pangukur kasebut bisa dipercaya. Sudarmiani (2007: 66) ngandharake reliabilitas sawijining instrumen bisa dipercaya kanggo ngumpulake data jalaran instrumen kasebut wis apik. Instrumen kang bisa dipercaya bakal ngasilake data kang uga dipercaya. Cara nemtokake *Reliabilitas* instrumen kanthi rumus:

$$r_{11} = \left(\frac{k}{(k-1)} \right) \left(1 - \frac{\sum \sigma_b^2}{\sigma_1^2} \right)$$

(Arikunto, 2010:239)

Katrangan :

- r_{11} = reliabilitas instrumen
- k = cacah butir pitakonan utawa akehe soal
- $\sum \sigma_b^2$ = cacah *varians* butir
- σ_1^2 = *varians* total

Tata carane ngetung reliabilitas instrumen, yaiku:

- 1) *varians* saben butir soal
- 2) Jumlah *varians* saben item
- 3) $\sigma^2 = \frac{\sum x^2 - \frac{(x)^2}{N}}{N}$
- 4) Nemtokake *reliabilitas* instrumen

4) Nemtokake *reliabilitas* instrumen

$$r_{11} = \left(\frac{k}{(k-1)} \right) \left(1 - \frac{\sum \sigma_b^2}{\sigma_1^2} \right)$$

4. Nemtokake t-signifikansi Kelas Eksperimen

Uji beda rong *mean* ditindakake supaya bisa mangerteni efektivitas piwulangan ing kelas eksperimen kanthi nggunakake rumus *t-signifikansi*, yaiku:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

(Arikunto, 2010:349)

Katrangan :

- Md = mean saka biji pre-test lan post-test kelas eksperimen
- $X^2 d$ = *deviasi* saben subyek
- $\sum x^2 d$ = jumlah kuadrat *deviasi*
- N = subyek sajroning sampel

Tata carane ngitung *t-signifikansi* :

- 1) Nggawe tabel kanggo nemtokake *efektivitas* kelas eksperimen
- 2) Ngitung d saben subyek
- 3) Ngitung mean saka bedane biji *pre-test* lan *post-test*

**Daya Pangaribawane Media Video Pembelajaran Tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-ungguh
Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan
Taun Ajaran 2012/2013**

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

4) Ngitung *deviasi* saka saben subyek

$$Xd = d - Md$$

5) Ngitung jumlah *kuadrat deviasi*

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{\sum d^2}{N}$$

6) Ngetung *t-signifikansi*

5. Nemtokake *t-signifikansi* Kelas Kontrol

Supaya bisa mangerteni efektivitas piwulangan ing kelas kontrol ditindakake uji pambada dua mean nggunakake rumus *t-signifikansi*. Rumus *t-signifikansi*, yaiku:

$$t = \frac{Md}{\frac{\sum x^2 d}{\sqrt{N(N-1)}}}$$

(Arikunto, 2010:349)

Katrangan :

Md = mean saka biji *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen

Xd = *deviasi* saben subyek

$\sum x^2 d$ = jumlah *kuadrat deviasi*

N = subyek sajroning sampel

Tata carane ngitung *t-signifikansi* :

1) Ngawe tabel kanggo nemtokake *efektivitas* kelas eksperimen

2) Ngitung *d* saben subyek

$$d = \text{biji } post\text{-test} - \text{biji } pre\text{-test}$$

3) Ngitung mean saka bedane biji *pre-test* lan *post-test*

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

4) Ngitung *deviasi* saka saben subyek

$$Xd = d - Md$$

5) Ngitung jumlah *kuadrat deviasi*

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{\sum d^2}{N}$$

6) Ngetung *t-signifikansi*

Nemtokake *t-tes Signifikansi*

Kanggo ndeleng dayane *percobaan* kang wis ditrapake ing obyek panaliten digunakake rumus *t-tes signifikansi*, yaiku :

$$t_o = \frac{|M_x - M_y|}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{N_x + N_y - 2}\right) \left(\frac{1}{N_x} + \frac{1}{N_y}\right)}}$$

(Arikunto, 2010:354)

Katrangan :

M = biji rata – rata saka *deviasi* (beda) saben klompok

N = cacache subyek

x = *deviasi* saben biji x_1 (*pre-test*) lan x_2 (*post-test*) klompok kontrol

y = *deviasi* saben biji y_1 (*pre-test*) lan y_2 (*post-test*) klompok eksperimen

$\sum x^2$ = jumlah *kuadrat deviasi* klompok kontrol

$\sum y^2$ = jumlah *kuadrat deviasi* klompok eksperimen

Tatacarane ngetung *t-tes*, yaiku :

1) Ngitung *d* saben subyek

$$d = \text{biji } post\text{-test} - \text{biji } pre\text{-test}$$

2) Ngetung jumlah *kuadrat deviasi* klompok kontrol

$$\sum x^2 - \frac{(\sum x)^2}{N}$$

3) Ngetung jumlah *kuadrat deviasi* klompok eksperimen

$$\sum y^2 - \frac{(\sum y)^2}{N}$$

4) Nemtokake *t-signifikansi*

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Prinsip dhasar ngandharake data ing kene yaiku komunikatif lan jangkep ateges dhata kang kang dipaparake kudu bisa narik kawigatene saben wong sing maca. Ing perangan iki panulis ngolah data kang wis diklumpukake, dianalisis nganggo metode sing wis ditemtokake, lan nguji hipotesis *uji coba* sing wis ditemtokake

Asil Validasi Saka Validator Ahli Materi

Sadurunge nindakake panliten ing sekolah, panliti uga nindakake validasi materi kanggo mangerteni kualitas materi sajroning medhia kasebut wis layak apa durung. Ing kene panliti bakal oleh data arupa informasi lan saran supaya bisa ngasilake materi kang apik lan trep. Data kasebut diolehake saka validator ahli materi Dra. Suprpti, M.Pd minangka ketua musyawarah guru mata pelajaran (MGMP) Basa Jawa kabupaten Lamongan. Validator kasebut nengenake materi basa Jawa salaras karo standar kompetensi saka KTSP mulok basa Jawa. Asil saka validasi kasebut nuduhake matei kang disuguhake marang siswa wis apik, nanging isih ana sing kudu dibenerake. Saka data kasebut bakal dadi acuan dening panliti supaya ngasilake media lan soal evaluasi kang luwih apik.

Andharan Asil Panliten Uji coba 1

Andharan data *uji coba* 1 ing kelas eksperimen lan kelas kontrol iki dibedakake dening anane kelas sing nggunakake media “*video pembelajaran*” lan nyemak rekaman sing wis disiapake dening guru. Ing *uji coba* sing kapisan iki ana tes awal utawa *pre-test* lan ana tes akhir utawa *post-test*. Sabanjure analisis piwulangan lan *signifikansi* asiling piwulangan saka kelas eksperimen lan kelas kontrol ora luput saka *uji cobakasebut*.

Asil Analisis Data Biji Pre-test lan Post-test Kelas Kontrol

Piwulangan ing kelas VIIA minangka kelaskontrol ditindakake tanggal 5 Juni 2013 kanthi alokasi wektu 2x40 menit. Sadurunge nindakake piwulangan ing kelas kontrol, panulis luwih dhisik nindakake *pre-test*. Sawise nindakake *pre-test* banjur ditindakake piwulangan yaiku nerangake undha-usuk basa kanthi media rekaman unggah-ungguh basa Jawa lan dipungkasi kanthi menehi *post-test*. Andharan data biji

**Daya Pangaribawane Media *Video Pembelajaran* Tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-ungguh
Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan
Taun Ajaran 2012/2013**

pre-test lan *post test uji coba* 1 diitungkanthi rumus =jumlah jawaban bener A + jumlah jawaban bener B.

Piwulangan ing kelas kontrol ditindakake *pre-test* sing katindakake kanthi wektu 20 menit lan cacahé sing melu *pre-test* ana 32 siswa. Saka *pre-test* kasebut nuduhake mung ana rong siswa utawa 6,25% siswa sing tuntas lan siswa sing durung tuntas 93,75% bijine kurang saka SKM yaiku 75. Data asiling *pre-test* kang katindakake ing kelas kontrol ngasilake rata-rata 56,3 %. Iki diitung kanthi njumlahake biji sakelas dipara gunggunging siswa ing kelas kasebut. *Pre-test* kasebut uga nuduhake siswa kurang mangerteni materi unggah-ungguh basa. Sawise diwenehi *pre-test* ing kelas kontrol uga diwenehi *post-test*. Bijine siswa kaitung kanthi rumus = jumlah jawaban bener A + jumlah jawaban bener B. Wujude *post-test* uga padha karo soal pretest yaiku pilihan ganda 10 lan esay 10 soal. Adhedhasar asil *post-test* ing kelas kontrol ngasilake biji rata-rata 81,47. Adhedhasar KKM yaiku biji 75 ana 21,8% utawa 7 siswa sing isih durung tuntas. Asiling *post-test* iki nuduhake ana undhak-undhakan biji yen ditandhingake *pre test*. Bab iki bisa disebabake amarga siswa wis bisa mangerteni apa kakurangane sawise diwenehi materi lan media rekaman.

Andharan Tintingan Asiling *Pre-test* lan *Post-test* Piwulangan Kelas Kontrol

Adhedhasar pambiji asiling *pre-test* lan *post-test*, sabanjure kaitung *efektivitas* media piwulangan ing kelas kontrol kasebut. Adhedhasar kriteria kang wis ditemokake ing *uji coba* kelas kontrol, nilai t_{hitung} (kelas kontrol) = 12,13 > t_{tabel} = 2,042. Mula saka kuwi bisa didudut yen H_0 ditolak H_1 ditampa, tegese pengetrapan meda rekaman ing kelas kontrol kagolong signifikan. Miturut hipotesis sing wis diandharake, media rekaman nduweni daya pangaribawa ngundhakake kawasisan unggah-ungguh basa Jawa siswa kelas VII SMPNegeri 1 Pucuk.

Asil Analisis Data Biji *Pre-test* lan *Post-test* Kelas Eksperimen

Uji coba ing kelas VIIB kang mujudake kelas eksperimen ditindakake tanggal 6 Juni 2013 jam 07.20 nganti jam 08.40. Andharan data *uji coba* ing kelas eksperimen kasebut nyakup biji *pre-test* lan *post-test* kang nggunakake media audiovisual “*video pembelajaran*”.

Andharan data asiling *pre-test* kang katindakake ing kelas eksperimen iki nuduhake manawa biji paling endhek 37,5 lan biji paling dhuwur 81. Biji paling endhek diasilake dening Nazar Kusnul Firmansyah dene biji paling dhuwur diasilake dening Rohma Indah Wahyu Ningsih. Saka andharan ing ndhuwur uga ngasilake rata-rata 53,32. Iki diitung kanthi njumlahake biji sakelas dipara cacahé siswa ing kelas kasebut. Nalikane *pre-test* iki uga nuduhake akeh siswa kang durung tuntas, gunggungé 93,3%. Dene adhedhasar tabel *post-test* ing kelas eksperimen iki ngasilake biji rata-rata 84,4 adhedhasar SKM, yaiku biji 75 ana 10 % utawa 3 siswa sing durung tuntas.

Andharan Tintingan Asil *Pre-test* Lan *Post-test* Piwulangan Kelas Eksperimen

Saka kriteria kang wis ditemokake ing *uji coba* kelas eksperimen, nilai t_{hitung} (kelas eksperimen) = 15,22 > t_{tabel} 2,042. Mula saka kuwi bisa didudut yen H_1 ditampa mula H_0 ditolak, ateges pangetrapan media “*video pembelajaran*” ing kelas eksperimen kagolong signifikan. Miturut hipotesis sing wis diandharake, ateges media piwulangan yaiku media “*video pembelajaran*” nduweni daya pangaribawa ngundhakake kawasisan unggah-ungguh basa Jawa tumrap siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk.

Tintingan Analisis Signifikansi Pangetrapan Media “*Video Pembelajaran*” tumrap Kawasisan Unggah-ungguh Basa Jawa Siswa Kelas VII SMPNegeri 1 Pucuk

Analisis bandhingan kelas eksperimen lan kontrol ing *uji coba* 1 diandharake kanthi tujuwan mangerteni kawasisan undha-usuk basa siswa ing kelas eksperimen lan kontrol. Langkah-langkah nganalisis data kanthi nggunakake t-tes *signifikansi*.

Adhedhasar *uji coba* 1 kelas kontrol lan eksperimen, biji dideleng t_{itung} = 2,380 > t_{tabel} = 2,000. Asil kuwi nuduhake manawa asiling t_{itung} > t_{tabel} utawa asiling t-tes *signifikansi* luwih dhuwur tinimbang tabel. Mula, bisa didudut yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa, ateges asiling *uji coba* ing kelas kontrol lan eksperimen *uji coba* 1 kagolong signifikan. Miturut hipotesis sing wis diandharake, media “*video pembelajaran*” nduweni daya pangaribawa tumrap undhaking kawasisan unggah-ungguh basa Jawa siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan.

Andharan Asil Panliten *Uji coba* II

Uji coba 2 iki dianakake supaya data sing diantukake luwih akurat utawa bisa dipercaya asile. Andharan data *uji coba* 2 ing kelas eksperimen lan kelas kontrol iki ora ana owah-owahan sing katon njlimet. Ing *uji coba* kapindho iki uga ana tes awal utawa *pre-test* lan tes akhir utawa *post-test*. Sabanjure analisis piwulangan lan *signifikansi* asiling piwulangan ora luput saka *uji coba*.

Asil Analisis Data Biji *Pre-test* lan *Post-test* Kelas Kontrol

Piwulangan ing kelas kontrol uga ditindakake *pre-test* siing katindakake kanthi wektu 15 menit lan cacahé siswa sing melu *pre-test* ana 31 siswa saka 32 siswa ing kelas VIIA. Adhedhasar asiling data *pre-test* kapindho sing dianakake ing kelas kontrol ngasilake rata-rata 73,71%. Iki diitung kanthi jumlahake biji sakelas dipara cacahing siswa ing kelas iki. Ing *pre-test* sing kapindho iki ana 54,83% siswa sing durung tuntas gunggungé 17 siswa.

Sawise diwenehi *pre-test* ing kelas kontrol uga diwenehi *post-test*. Wujude *post-test* sing kapindho iki yaiku soal isian singkat sing cacahé ana 10 soal sing saben soale nduweni skor 10. Supaya kuwih cetha bab andharan ngenani data penskoran *post-test*. Saka asiling *post-test* ing kelas kontrol ngasilake biji rata-rata 81,43%. Adhedhasar SKM, yaiku biji 75 ana 19,35% siswa sing durung tuntas. Jumlah kuwi ngalami undhak-undhakan saka asiling *pre-test* sadurunge.

**Daya Pangaribawane Media *Video Pembelajaran* Tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-ungguh
Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan
Taun Ajaran 2012/2013**

Andharan Tintingan Asiling *Pre-test* lan *Post-test* Piwulangan Kelas Kontrol

Andharan siling *pre-test* 2 lan *post-test* 2 sing wis kagayuh ing kelas kontrol sing ditindakake dening 31 saka 32 siswa. Saka kriteria kang wis ditemokake ing *uji coba* kelas kontrol, nilai t_{hitung} (kelas kontrol) = 1,105 < t_{tabel} = 2,042. Mula saka kuwi bisa didudut yen H_0 ditampa mula H_1 ditolak, ateges asiling *pre-test* lan *post-test* ing kelas kontrol kagolong ora signifikan. Miturut hipotesis sing wis diandharake, ateges media piwulangan yaiku media rekaman ora nduweni daya pangaribawa ngundhakake kawasisan unggah-ungguh basa Jawa siswa kelas VII SMPNegeri 1 Pucuk.

Asil Analisis Data Biji *Pre-test* lan *Post-test* Kelas Ekperimen

Sadurunge nindakake piwulangan ing kelas eksperimen yaiku kelas VIIB ing *uji coba* sing kapindho iki dianakake *pre-test* lan *post-test* kaya ing *uji cobas* sadurunge. Tes akhir utawa *post-test* dianakake sawise ditayangake media "*video pembelajaran*". Piwulangan ing kelas eksperimen ditindakake kanthi wektu 2x40 menit. *Uji coba* kang kapindho dianakake tanggal 12 Juni 2013 jam 07.15 nganti jam 08.35.

Bocah sing melu *pre-test* ana 32 bocah. Soal *pre-test* awujud essay ngenani panganggone ngoko lugu, ngoko alus, krama lugu lan krama alus. sing disuguhake kanthi media video pembelajaran. Saka data asiling *pre-test* kang katindakake ing kelas eksperimen ngasilake rata-rata 71,70. Iki diitung diitung kanthi njumlahake biji sakelas dipara gunggunging siswa ing kelas kasebut. Nalikane *pre-test* iki ana 33,33% siswa sing durung tuntas lan 66,67% siswa sing bijine wis nggayuh SKM sing ditamtokake. Dene *Post-test* ditindakake jam 08.00 nganti jam 08.35. siswa sing melu *post-test* iki tetep yaiku 30 siswa. Carane ngetung biji *post-test* iki padha karo *uji coba* sakdurunge. Saka asil *post-test* ing kelas eksperimen iki ngasilake biji rata-rata 85,93. adhedhasar KKM, yaiku biji 75 ora ana siswa sing durung tuntas 6,66% utawa gunggunge 2 siswa. Tabel 4.15 nuduhake yen ditandhingake karo biji *pre-test* wis nuduhake anane undhak-undhakan.

Andharan Tintingan Asiling *Pre-test* lan *Post-test* Piwulangan Kelas Eksperimen

Saka kriteria kang wis ditemokake ing *uji coba* kelas eksperimen, nilai t_{hitung} (kelas eksperimen) = 7,889 > t_{tabel} = 2,042. Mula saka kuwi bisa didudut yen H_1 ditampa mula H_0 ditolak, ateges asiling *pre-test* lan *post-test* ing kelas eksperimen kagolong signifikan. Miturut hipotesis sing wis diandharake, ateges media piwulangan yaiku media audiovisual "*video pembelajaran*" nduweni daya pangaribawa ngundhakake kawasisan unggah-ungguh basa Jawa siswa kelas VII SMPNegeri 1 Pucuk.

Tintingan Analisis Signifikansi Pangetrapan Media "*Video Pembelajaran*" Tumrap Kawasisan Unggah-ungguh Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan

Analisis bandhingan kelas eksperimen lan kontrol ing *uji coba* 2 diandharake kanthi tujuwan mangerteni kawasisan unggah-ungguh basa Jawa siswa ing kelas eksperimen lan

kontrol. Langkah-langkah nganalisis data kanthi nggunakake t-tes *signifikansi*

Andharan *uji coba* 2 kelas kontrol lan eksperimen, biji dideleng t_{itung} = 2,150 > t_{tabel} (0,05db = 62) = 2,000. Ing kene asile asile t_{itung} > t_{tabel} , ateges media *video pembelajaran* nduweni daya pangaribawa tumrap undaking kawasisan unggah-ungguh basa Jawa. Mula, bisa didudut yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa, ateges asiling *uji coba* ing kelas kontrol lan eksperimen *uji coba* 2 kagolong signifikan. Miturut hipotesis sing wis diandharake, media audiovisual "*video pembelajaran*" nduweni daya pangaribawa tumrap undhaking kawasisan unggah-ungguh basa Jawa siswa kelas VII SMPNegeri 1 Pucuk Lamongan.

Pangrembugan Efektivitas Piwulangan ing *Uji coba* 1 lan *Uji coba* 2

Andharan asil *efektivitas* media piwulangan kelas eksperimen *uji coba* 1 t_{hitung} (kelas eksperimen) = 15,22 > t_{tabel} = 2,042. Ateges piwulangan ing kelas eksperimen kang nggunakake media *video pembelajaran* bisa kasil ngundhakake bijine siswa. Semono uga ing *uji coba* 2 t_{hitung} (kelas eksperimen) = 7,889 > t_{tabel} = 2,042, nuduhake media kasebut nduweni daya pangaribawa ngundhakake bijine siswa. Andharan asil *efektivitas* piwulangan kelas kontrol *uji coba* 1 t_{hitung} (kelas kontrol) = 12,13 > t_{tabel} = 2,042. Ateges ing *uji coba* 1 media piwulangan ing kelas kontroluga bisa ngundhakake bijine siswa, asnanging yen ditandhingake karo kelas eksperimen kang nggunakake media *video pembelajaran* persentasene isih kalah, gunggunge yaiku 15,22 > 12,13. Ing *uji coba* 2 t_{hitung} (kelas kontrol) = 1,105 < t_{tabel} = 2,042. Ateges media piwulangan ing kelas kontrol *uji coba* 2 kagolong ora bisa ngundhakake bijine siswa, babagan kasebut bisa dideleng saka t_{tabel} luwih gedhe timbang t_{hitung} .

Adhedhasar *uji coba* 1 kelas kontrol lan eksperimen, biji dideleng t_{itung} = 2,380 > t_{tabel} (0,05db = 62) = 2,000. Asil kuwi nuduhake manawa asiling t_{itung} > t_{tabel} utawa asiling *t-tes* *signifikansi* luwih dhuwur tinimbang tabel. Mula, bisa didudut yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa, ateges asiling *uji coba* ing kelas kontrol lan eksperimen *uji coba* 1 kagolong signifikan. Miturut hipotesis sing wis diandharake, media "*video pembelajaran*" nduweni daya pangaribawa tumrap undhaking kawasisan unggah-ungguh basa Jawa siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk. Ing *uji coba* 1 iki tetep ana pangaribawa kang signifikan antarane piwulangan ing kelas kontrol lan kelas eksperimen.

Dene dideleng saka kelas kontrol lan eksperimen, biji t_{itung} = 2,150 > t_{tabel} (0,05db = 62) = 2,000. Ing kene asile asile t_{itung} > t_{tabel} , utawa *t-tes* *signifikansi* luwih dhuwur tinimbang tabel. Mula, bisa didudut yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa, ateges asiling *uji coba* ing kelas kontrol lan eksperimen *uji coba* 2 kagolong signifikan. Miturut hipotesis sing wis diandharake, media audiovisual "*video pembelajaran*" nduweni daya tumrap undhaking kawasisan unggah-ungguh basa Jawa siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk.

Andharan asil *uji coba* 1 lan *uji coba* 2 kasebut nuduhake manawa asil *t-tes* *signifikansi*, tegese yaiku siswa wis mangerteni materi utawa bahan ngenani

**Daya Pangaribawane Media Video Pembelajaran Tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-ungguh
Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan
Taun Ajaran 2012/2013**

panganggone undha-usuk basa. Saka andharan kasebut bisa didudut yen siswa katon gampang nyinaoni unggah-ungguh basa Jawa nggunakake media “*video pembelajaran*”. Iki disebabake amarga siswa rumangsa seneng marang media kang digunakake. Adhedhasar andharan saka *efektivitas* piwulanganlan uji *t-signifikansi* ing ndhuwur, bisa didudut yen media audiovisual “*video pembelajaran*” iki nduweni daya pangaribawa tumrap undhaking kawasisan unggah-ungguh basa Jawa siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk.

PANUTUP

Dudutan

Saka analisis data kang wis ditindakake ana ing bab IV bisa ditarik dudutan kaya ngene:

- 1) Persentase *pre-test* siswa kelas kontrol tanpa nggunakake media *video pembelajaran*, sing wis tuntas yaiku 6,7% lan sing durung tuntas ana 93,3%. Persentase siswa sing wis tuntas mundhak dadi 78,2% lan sing durung tuntas mudhun dadi 21,8% ing post test panliten 1. Ing *pre-test* panliten 2 persentase siswa sing tuntas 54,83% lan sing durung tuntas mudhun dadi 45,17%, dene ing *post-test*, siswa sing tuntas gunggungge 80,65% lan sing durung tuntas ana 19,35%. Asiling sinau murid tanpa nggunakake media *video pembelajaran* bisa diarani wis apik, nanging isih kurang. Babagan kasebut bisa dideleng saka asil pasinaon ing kelas kontrol kang ora nggunakake media *video pembelajaran* ing panliten 1 kanthi *t-signifikansi efektivitas* ing kelas kontrol = 12,13 lan ing panliten 2 kanthi *t-signifikansi efektivitas* pasinaon ing kelas kontrol = 1,105.
- 2) Persentase siswa kelas eksperimen sawise ditrapake media *video pembelajaran* ngenani unggah-ungguh lan undha-usuk basa Jawa. Siswa sing wis tuntas persentasene 90% lan sing durung tuntas 10% semana uga asiling post test panliten 2 presentasi siswa sing tuntas mundhak dadi 93,34% lan sing durung tuntas mudhun dadi 6,66%. Asiling pasinaon ing kelas eksperimen kang nggunakake media *video pembelajaran*, *t-signifikansi efektivitas* pasinaon ing kelas eksperimen panliten 1 = 7,889 lan *t-signifikansi efektivitas* pasinaon ing kelas eksperimen = 7,889 ing panliten 2.
- 3) Dayane media *video pembelajaran* tumrap undhaking kawasisan unggah-ungguh basa Jawa siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan, yaiku: pasinaon unggah-ungguh basa Jawa ing kelas eksperimen kang nggunakake media *video pembelajaran* asile luwih apik tinimbang kelas kontrol kang nggunakake media rekaman, yaiku kanthi *t-signifikansi efektivitas* pasinaon ing panliten 1 = 15,22 (kelas eksperimen) > 12,13 (kelas kontrol) lan *t-signifikansi efektivitas* pasinaon ing panliten 2 =

7,889 (kelas eksperimen) > 1,105 (kelas kontrol) asil kasebut kagolong signifikan. Asiling panliten iki nuduhake yen H_1 ing panliten iki ditampa yaiku kanthi ngetrapake media *video pembelajaran* nduweni daya pangaribawa tumrap undhaking kawasisan unggah-ungguh basa Jawa siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk. Kang kaya mangkono bisa dideleng saka asiling *t-test* ing panliten yaiku $t_{hitung} = 2,380 > t_{tabel (0,05db=62)} = 2,000$ ing panliten 1 lan ing panliten 2 asile $t_{hitung} = 2,150 > t_{tabel (0,05db=62)} = 2,000$.

Panliten iki ditindakake ping pindhho, supaya asiling panliten kasebut bisa ngayaikinake. Mula, bisa didudut yen kanthi nggunakake media *video pembelajaran* bisa ngundhakake kawasisan unggah-ungguh basa Jawa, tinimbang kawasisane siswa kang nggunakake media rekaman sajrone pasinaon basa Jawa.

5.2 Pamrayoga

Saka asiling analisis panliten kanthi irah-irahan *Daya Pangaribawane Media Video Pembelajaran tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-ungguh Basa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan Taun Ajaran 2012/2013* kang ngasilake dudutan yen media *video pembelajaran* bisa ningkatake kawasisan unggah-ungguh basa Jawa. Mula, panliten iki bisa didadekake acuan tumraping para guru nalika arep mulang bab unggah-ungguh basa Jawa, saliyané iku anggong mulang guru kudu bisa ngecakake IPTEK selaras karo pangrembakane jaman supaya siswa ora bosen sajrone piwulangan.

KAPUSTAKAN

- Antunshono. 1953. *Paramasastra Djawi*. Jogjakarta: Soedjadi Jogjakarta.
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Adriyanto, Bambang. 2009. *Modul Pelatihan Pengembangan dan Pemanfaatan Conten Jardiknas Pembuatan Animasi dengan Macromedia Flash*.
<http://widyo.staff.gunadarma.ac.id/.../files/.../modul+3+Pemb+Animasi.doc>.
Diakses pada tanggal 5 Juni 2013
- AH, Hujair. 2011. *Media Pembelajaran Buku Pegangan Wajib Guru dan Dosen*. Yogyakarta: Kaukaba Dipantara Yogyakarta.
- Arsyad, Azhar. *Media Pembelajaran*. 2007. Jakarta: PT. Grafindo Persada.
- Asyhar, Kalyubi. 2008. *Peningkatan Kemampuan Berbicara Bahasa Jawa Krama dengan Metode Bermain Peran pada Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 1 Kauman Tulungagung Tahun Ajaran*

**Daya Pangaribawane Media *Video Pembelajaran* Tumrap Undhaking Kawasisan Unggah-unggah
Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Pucuk Lamongan
Taun Ajaran 2012/2013**

- 2008-2009. Skripsi Tidak Diterbitkan. Surabaya:JBSD FBS UNESA.
- Cholili, Mohammad. 2007. *Peningkatan Kemampuan Berbicara Jawa Siswa Kelas VII C SMP Negeri 1 Mojoanyar Mojokerto dengan Media Gambar Berseri*. Skripsi Tidak Diterbitkan. Surabaya:JBSD FBS UNESA.
- Endraswara, Suwardi. 2009. 30 Metode Pembelajaran Bahasa dan Sastra Jawa. Yogyakarta: Kuntul Press
- Harun dan Zaidatun. 2004. *Tenologi Multimedia dalam Pendidikan*.
<http://www.ctl.utm.my/publications/manual/mm/elemeMM.pdf>.
Diakses tanggal 5 Juni 2013
- Indriana, Dina. 2011. *Ragam Alat Bantu Media Pengajaran*. Jogjakarta: Diva Press
- Margono. 2010. *Metodologi Penelitian Pendidikan*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Musfiqon. 2012. *Pengembangan Media dan Sumber Pembelajaran*. Jakarta: Prestasi Pustaka Raya.
- Poerwadarminta, W.J.S.1937.*Baoesastra Jawa*. Tokyo: -
- Pranowo. 2009. *Berbahasa secara Santun*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Riduwan. 2006. *Pengantar Statistik Pendidikan*. Bandung: Alfabeta
- Rusman, dkk, 2011, *Pembelajaran Berbasis Teknologi Informasi dan Komunikasi (mengembangkan profesionalitas guru)*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Sadiman, Arif S. 2008. *Media Pendidikan; Pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatannya*. Jakarta: PT Raja Grafindo.
- Sanjaya, Wina. 2006. *Strategi Pembelajaran Berorientasi Standart Proses Pendidikan*. Jakarta: Kencana.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2010. *Unggah-unggah Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sudjana, Nana dan Rivai, Ahmad. 2011. *Media Pengajaran*. Bandung: Sinar Baru Algesindo
- Sudarmiani. 2007. *Pengaruh Keterampilan Manajer Kepala Sekolah dan Iklim Sekolah Terhadap Kinerja Guru MTs Negeri dan MTs di Kabupaten Madiun*. Surabaya: Unesa Program Pascasarjana
- Suharti. 2001. *Pembiasaan Berbahasa Jawa Krama dalam Keluarga sebagai Sarana Pendidikan Sopan Santun*. Makalah Konggres. Yogyakarta: Konggres Bahasa Jawa III.
- Sugiyono. 2010. *Metodologi Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R & D*. Surabaya: Alfabeta.
- Utami, Dina. 2007. *Animasi dalam Pembelajaran*.
http://www.scribd.com/doc/7988195/22212421201-12032007111113-Efektifitas-Animasi-Dalam-Pembelajaran#outer_page_4. Diakses tanggal 5 Juni 2013.